ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ЛЫЗЫЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№7 (21.665) ● 2010 гъэм щІышылэм и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №7-рп

*2010 гъэм щІышылэм и 14-м* *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым дежи Инвестицэхэмкі щыІэ Советым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм и протоколым ипкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Бахьсэн, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ куейхэм я щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ етыж:

«Іуащхьэмахуэ» бгы-рекреационнэ щІыналъэм зегъэужьыным хуэунэтІа проектыр (адыгІэ - проект) щыІэ хабзэхэм тету гъэзэщІэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр мазищ пІалъэм къриубыдэу зэхэлъхьэн икІи абы ирилажьэу щІэдэн;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зи гугъу тщІа и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я щІыналъэхэм я схемэхэр щызэхалъхьэкІэ къэлытэн дунейпсо кхъухльэтэпІэщІэр, апхуэдэуи проектым къыщыгъэльэгъуа нэгъэущІ ухуэныгъэхэри щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэм ягъуэтыну зэхъуэкІыныгъэхэр;

мазищ дэкІа нэужь, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр щыгъуэзэ щІыпІэ проектыр гъэзэщІа хъуным теухуауэ зэфІэгъэкІыпхьэ лъэкъыгъэхэр зэрекІуэкІым.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьынымрэ сатумкІэ и министерствэм (Мусуков А. Т.) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэ схемэхэр щызэхилъхьэкІэ къылытэн хуейщ дунейпсо кхъухльэтэпІэщІэр, апхуэдэуи проектым къыщыгъэльэгъуа нэгъэущІ ухуэныгъэхэри щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэм ягъуэтыну зэхъуэкІыныгъэхэр.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэ** **ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат**

● Къулыкъущ Іэ

## Хлопонин Александр Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу ягъэув

**Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ ЮФО-м къыхагъэкІаш Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэр. Абы и полномочнэ лІыкІуэу ягъуэваш Хлопонин Александр.**

ИЛЬЭС блэкІам и кІэухым Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъаазэм къыз эрыхигъэщам тету Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Кавказ Ищхьэрэр Федеральнэ щІыналъэ щІэхэуэу къыхигъэбеджькІыкІащ. Ар и щыхьэтщ гугъуехь куэд нужьрей ильэсхэм щыІэтрихьа ди щІыпІэм къэралым и унафэщІэм дяпэкІэ гульитэ хэха зэрыхуащІынум.

Къыдэрагъэпэща Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм хыхьащ Дагъыстанэр,Ингушыр, Къэбэрдей-Балькъэрыр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Шэщэныр, Осетие Ищхьэрэ-Аланиер, Ставрополь крайр. Абы и къалащхьэу щытыныр Псыхуабэ (Пятигорск).

Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу ягъуэваш Хлопонин Александр. Абы и кІулыкъум и мыхьэнэр нэхьри кІеІэт ар Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и кІуэдзэу зэрыщытынуми.

* * *

ХЛОПОНИН Александр Геннадий и кІуэр 1965 гъэм Шри-Ланка къэралыгъуэм и къалащхьэ Коломбо совет къэрал щІыб экономикэ Іуэхущ Іапі эм зэдзэкІакІуэу щыІэ унагъуэм кІыщалъхуащ. Щхьэгъусэрэ пхъурэ иІэщ. 1989 гъэм Дунейпсо экономикэмкІэ Москва дэт финанс институтыр кІуихащ. СССР-м и Внешнеэкономбанкым лэжьэн щІыщідзащ. «Дунейпсо финанс компание» банкым и правленэм и унафэщІу, абы и президенту, «Норильск никель» ОАО-м и правленэм и Іэтащхьэу щытащ. 2001 гъэм Таймыр (Долган-Ненец) автоном округым и губернатору хахащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Красноярск крайм и Іэтащхьэ хьуащ икІи нобэр кІыздэсым а кІулыкъур зэрихьащ. Къэралыгъуэм и къалэнхэр зэрыщытынуми.

* * *

**Шэджэм къалэм абджэхкІэр къыщыщІагъэкІыну завод къыззрыщызэІуахрэ куэд мыщІами, абы махуэм банкІ зэмылІэужьыгъуэу мин 200 къыщІегъэкІ. Ар зи фІыгъэр заводым и инженерхэр, лэжьакІуэхэр я къалэнхэр гъэзэщІэным зэрегугъури.**

МЫ ІЭНАТІЭР ди республикэм и дежкІэ нэхъ щІэхэм зэращыщым къыхэкІыу, заводым щыпІэжьэну кІуэхэр ирагъэджэн хуей мэхъу. Абджыпс къыщІэгъэкІыныр лэжьыгъэ тыншкъым икІи узытеплъэкъукІ мыхьэнщ. Заводыр иджырей европей мардзэхэм тету мэзаехэр, Іэмэпсымэхэри нэхъыфІхэм ящыщщ. Конвейерыр тыншу къэбгъэувыІэ, ебгъэжьэж, хьэку пІыар бгъэупщІыІуж зэрымыхъым къыхэкІыу. лэжьакІуэхэр Іэщ Іагъэм фІы дыдэу хащІыкІ мыхъуауэ Іэмэпсымэхэм бгъэдагъэувэркъым.

Іуэхущ Іапі эщ Іэм и унафэщІ ІЫыхэс Заурбий зэрыщ

**КъБР-м хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкі э и министр Пащты Борис щІышылэм и19-м ящ Іуащ хамэ къэрал къикІауэ КъБКъУ-м щеджэ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэм.**

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихри, зэхуэсыр зытеухуам абы кърихьэлІахэр щыгъуазэ ищІащ КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий.**

2009 гъэм и кІэухым зи гугъу тщІы студентхэр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен хуэзэри, я гурыгъу-гурыщІэхэр хуаІуэтащ. Абы щыгъуэ Президентым къыхилъхьауэ щытащ Хэкум щеджэну къэкІуэжа студентхэм я Іуэхур тэрэзу дэкІын папщІэ фонд къыхэгъэпэщын хуейуэ. Иджы мы зэІущІэм щытепсэлъыхьащ а фондым и пщэдэлъыну къаІэнхэм, хамэ къэрал къикІыжа ди щІалэгъуалэм зэрадэІэпыкъуну щІыкІэм.

- ДыщІыззхуэсам и щхьэусыгъуэр Президентым зи гугъу къыфхуищІа фондым игъэззэщІэн хуей къаІэнхэр уз бзыхуныр щ, - жиІащ **Пащты Борис.** - Ахэр зэман гъунэгъум дгъэбеджьылын хуейщ, студентхэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къэлытатуэ. Сэ сыхуейщ ди республикэм ещІэ ЫыІэ къэкІуагъащІэхэм, илъэс зыбжанэ хуауэ щыІэ щІалэхэмрэ

ЗэІущІэм хэтщ профессор Тау Хьэзешэрэ министр Пащты Борисрэ.

● Дыгъуасэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий и псалъэ.

пщащэхэмри фи Іуэху епльыкІэр къэІуэтэну, еджэнщ къэвуха нэужь, адэжь лъахэм къэнэжыну хуейхэми фи мурадхэм дыщІэвгъэдэІуну.

Хамэ къэралхэм къикІауэ университетым адыгэ студенти 120-рэ щоджэ. Абыхэм ящыщу зэІущІэм кърихьэлІаншэр лъахэм щыпсэунымкІэ хуит зыщІ тхьылъхэр зэгъэпэщыным гугъуехь куэд зэрыпылъырщ, паспорт къызэрыдах хабзэр зэрыткІийрщ. Къищынэмыщ Іауэ, къэпсэлъа щІалэхэм къыхагъэщащ щІэныгъэ зрагъэгъуэта нэужь, хэкум къинэжыну хуейхэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, унэ къащэхунымкІэ зыкъыщІагъэкъуэныр зэрафІэигъуэр. Псалъэм папщІэ, унэ къыхуащэхурэ щІагъэтПысхьэрэ, абы и уасэр, къыхэхъуэм елъытауэ, Іыхьэ-Іыхьэурэ фондым хилъхьэжу щытыныркъезэгъуы къалъытащ.

А Іуэхум теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ «ІЭрыт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ІутІыж Мэжид.** Абы къыхигъэщащ къэрал зэхуэмыдэхэм къикІыу еджакІуэ адыгэ ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэн зэрыхуейр, псом хуэмыдау паспорт хабзэм теухуа Іуэхуэгъэ гугъуехьхыншэу зэфІэхэнымкІэ дэІэпыкъуэгъэ зэрыхуэныкъуэр.

Тыркум, Сирием, Иорданым къикІауэ университетым щеджэ адыгэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэр зэрекІуэкІыр, ахэр адэжь щІыналъэм къэнэжын папщІэ къызэгъэпэщыпхъэхэр къыхагъэщу къэпсэлъащ КъБКъУ-м и профессорхэу **Тау Хьэзешэрэ Къуэдзокъуэ Анатолэрэ.**

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къанщобий** жиІащ дэІэпыкъуэгъэу хуэныкъуэу зыкъыхуэзыгъаазэ студентхэр зэримыгъащІэхъунур, абыхэм я Іуэхур республикэм щыдэкІынымкІэ сэбэп зэрыхъунур.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

Хамэ къэралхэм къикІа адыгэ ныбжьыщІэхэр. *Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



## Тхьэмахуэ шынагъуэ

**Тхьэмахуэ дэкІащ Ганти щІыхьэйм зэрыгъэхикъуэгъэ.**

Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, а Іуэхугъуэ гуаузм хэкІуэдащ щІыхуэ мин 200 хуэдиз. УІэгъэкІ я бжыгъэр апхуэдизкІэ къэдщи, хущхьэжІи Іаныгъ. ТкурыкІи пэльэщыркъым. Тхьэмахуэ псо дэкІами, нобэр къыздэсым унэхэм я блынхэр щІэуэКІуриикІыурэ зэтощахэ. ЩІыхьэйм зэтрикъутар гъэзэкІуэжьным текІуэдэнущ доллар меларди 10-м нэс. А къалэхэм дуней псор къадэІэпыкъу щхьэкІэ, къыхуашэ ерыскъыкъыр, хущхьэур яхурикъуркъым, - ар къахуэзыщІэ транспортым щІыхуэхэр тоуэри, зэхадыгъуэ. Полицэр а щытыкІэм пэльэщыкъым. Зи льэ зезыхьэф псори хэкум зэриЗэхъуКІынум иужь итщ, арищхьэкІэ ари Іуэху тыншкъым. Къэралыр властыншэу къэнауэ жыпІэкІи ущыуэнукъым. Іуэхущ Іапі эу лажьэ щыІэжкъым.

## «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» из ажал

**Кабул и къалэкум дагъым къыщыгъэуащ.**

«ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр» полицейхэм къыщызэпащІыхьыхьм, абы лагъыму ихуэм хуэдиз зэрилыр къалъэгъуат, ауэ ар къэмыуэн хуэдэу ящІыным хунэсакъым.

Абы и пэкІэ «Талибан» гупым и боевикхэр Афганистан и къалащхьэм теуэри, щІыхуитху хэкІуэдащ, 60 хуэдизыр уІэгъэ ящІащ. Къалэм теуахэр щІыхуэ 20 хьуэу арат, итІани абыхэм яхуэзфІэкІащ лагъым зыбжанэ къагъэуэну, сыхьэт бжыгъэкІэ правительствэм и Іуэхущ Іапі эр унэхэр яубыду яІыгъыну.

А псори щекІуэкІар Афганистаным и правительствэщІэм дэжьэн щыщІидзэ махуэращ.

## Журтхэм яукъуэдий

**Германиемрэ Израильмрэ я правительствэхэр япэу пэмыщэ щІыналъэм щызэІущІащ.**

Ахэр нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Израиным и ядернэ Іуэхущэр. Израильым еукъуэдий икІэщІыпІэкІэ Ираным тезыр телъхьэн хуейуэ. А Іуэхум теухуауэ къыщыпсалъэм, Германием и канцлер Меркель Ангелэ жиІащ:

- Дэ ди Іуэху епдыкІэр гурыІуэгъуэщ. Ираныр ядернэ Іэщэ щІыным пымыкІмэ, абы тезыр зэрытетлъхьэнум дегупсысынущ. Нэхъ къэтщтэнут а санкцэхэр ООН-м щІыналъэ гъэунэшагъэмкІэ и советым къыщтамэ.

## НОБЭ

♦ Илъэс 85-рэ и пэкІэ Пекин Іэ щыщІадзащ Японием рэ СССР-мрэ я зэхущытыкІэхэр зыгубзыкІ конвенцэм.

♦ Обамэ Барак США-м и президент къулыкъум зэрыпрыувэрэ илъэс ирокъу.

♦ 1588 гъэм урыс пащтыхь Федор Иван и кьуэм Кремлым щригъэблагъэщащ Темрыкъуэ и кьуэ Мамстрыкъуэрэ Къамболэт и кьуэ Къундетрэ (эзш бынхэт).

♦ 1921 гъэм Бырыс АССР-р къэунэхащ.

♦ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъ 33-м, къухьэжинущ сыхьэт 17-рэ дакъикъ 01-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъ 27-рэ.**

*Планэрэ зыгъэхьэзырар* **ГЪУЩІОЗарифщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

## Щ Іыхуэр зыгъэщІэращІэр и гуащІэщ.

## Иджырей Іэмалхэр къагъэсэбэп

**Мазаем и 8 - 10 махуэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІынущ етІуанэ урысей-псо практикэ семинар.**

● Школ хъыбархэр

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЩАЩ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «ЕИНОМ. Лаборатория знаний» тхылъ тедзапІэм и методикэ Іуэхущ Іапі эмрэ, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм егъэджэныгъэм егъэщІылІа къэрал политикэмкІэ и департаментым я дэІэпыкъуэгъуэу.

Семинарым и лэжьыгъэм хэтынущ хэгъэуэгухэм щыІэ еджапІэхэм хъыбарегъащІэ-комуникацэ технологиехэмкІэ я Іэщ Іагъэлі Хэмрэ унафэщІхэмрэ, программэм къигъэувэм щІэныгъэ зрагъэгъуэта нэужь, - жеІэ еджапІэм и унафэщІым.

Мы зэманым колледжым студент 57-рэ щоджэ. Ахэр зыхуэныкъуэ псомкІи къызэгъэпэщащ: компьютерхэр зыщІэт класситІ, технолог, официант Іэщ Іагъэхэм хуеджэхэм папщІэ лабораторэ, иджырей мардзэм кьитІасэ мастерскойхэр. ЕгъэджакІуэхэм я процент 83-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ я Іэщ, щІэныгъэхэм я кандидатхэри аспирантхэри яхэтщ. СыткІи зи Іуэху зэпэщ хьуа еджапІэм и мурадщ етІанэгъэ студент нэхъыбэ къыщІэтэну.

**ДЖЫЛАХЬСТЭН ТІуитІ.**



## Туристхэр къыдахьэх

АБХЪАЗ. *2009 гъэм къринубыдау турист мелуаным щІигъу Абхъазым щыІащ. Абыхэм ящыщу мини 100-р пчеркэхэмкІэ, мини 185-р зы махуэ-махуитКІэ запрыхьыну къэкІуауэ аращ, адрейхэр уней хьэщІэщхэм къыщыувыІащ.*

АБХЪАЗЫМ туризмэмрэ курортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдэ Барцыц Вячеслав зэрыжиІамкІэ, 2008 гъэм ельытауэ 2009 гъэм туристу щІыналъэм къэкІуаэр процент 15-20-кІэ нэхъыбэщ. Уней хьэщІэщхэр хэмыту республикэм щолажьэ санаторэ, курорт комплексу 70.

## Индыл Іуфэр гъунэгъу мэхъу

*2010 гъэм Сыхьум щыхьэщІэнуш Волгоград къэралым и унафэщІ Гребенников Роман зи пашэ гуп.*

2007 ГЪЭМ Сыхьумрэ Волгоградрэ социально-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращІыкІауэ щытащ.

- Волгоградрэ СССР-м я зэхуаку илъэс 30-м щІыгъуауэ зэныбжьэгъуз дэлъщ. Абы дропагэ икІи дрогушуэ. Ди зэпыщІэныгъэхэр ефІакІуэ зэпытщ. Инвестицэхэр зыхалъхьэхэм ящыщщ сатур, узынщагъэр хьумэныр, щІэныгъэ, щэнхабзэ, спорт, туризмэ Іэнатіэхэр, - жиІащ абхъаз министр Лабахуа Алиас.

## Къуажэ, къалэ хэхыныгъэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2010 гъэм гъатхэпэм и 14-м Къэрэшей-Шэрджэсым муниципальнэ хэхыныгъэхэр щекІуэкІынущ, районым и къуажитІым и унафэщІхэр хахынущ.*

РЕСПУБЛИКЭМ и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ Апарин Вячеслав зэрыжиІамкІэ, муниципальнэ хэхыныгъэхэр КЪШР-м и районитхум я округхэм щекІуэкІынущ. Псалъэм папщІэ, Адыгэ-Хьэблэ районым и Апсуа, Эрсакон къуажэ советхэм я депутатхэр хахынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



## Министрыр и къулыкъум токІ

АДЫГЕЙ. *Республикэм экономикэ зыужьынымрэмрэ сатумкІэ и министр МэтІыжь Аслъэн и къулыкъум текІащ.*

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ зэрыщыжаІамкІэ, МэтІыжь Аслъэн 2007 гъэм щыщІэдзауэ а къулыкъур ирихьэкІащ иджы езым и лъэІукІэ текІащ. Абы и пІэкІэ зэкІэ зыри ягъуэвакъым.

## ЩІыналъэм ахъшэ къезышалІэхэр

*Адыгейм и президент ТхьэкІущынэ Аслъэнджэрий къызэрилытэм кІэ, инвестицэ къешалІэнымкІэ республикэм ІэмалыфІхэр иІэш.*

- СЭ СЫЗЭРЕПЛЪЫМКІЭ Краснодар, Ставрополь крайхэм, Ростов областым зыхуеинум хуэдиз инвесторхэр я щІыналъэхэм ирашэлІащ. Ахэр нэхъыбэу иджыпсту дэзыльэхьэн хуейр Адыгейм и проектхэрщ. Ауэ дэ дыдэлэжьэну дызыхуейр кризис гугъуехьхэм емыльытауэ щІыналъэм и зыужьынымрэ мылъку кІуэхэрылъхьэнхэрщ, - жиІащ ТхьэкІущынэ Аслъэнджэрий.

## ЩІыналъэм и ІэмалкІэ

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэщ Іым и Указ №1-рп**

*2010 гъэм щІышылэм и 14-м* *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым дежи Инвестицэхэмкі щыІэ Советым 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм и протоколым ипкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Бахьсэн, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ куейхэм я щІыпІэ администрацэхэм чэнджэщ етыж:

«Іуащхьэмахуэ» бгы-рекреационнэ щІыналъэм зегъэужьыным хуэунэтІа проектыр (адыгІэ - проект) щыІэ хабзэхэм тету гъэзэщІэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр мазищ пІалъэм къриубыдэу зэхэлъхьэн икІи абы ирилажьэу щІэдэн;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм зи гугъу тщІа и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я схемэхэр щызэхалъхьэкІэ къэлытэн дунейпсо кхъухльэтэпІэщІэр, апхуэдэуи проектым къыщыгъэльэгъуа нэгъэущІ ухуэныгъэхэри щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэм ягъуэтыну зэхъуэкІыныгъэхэр;

мазищ дэкІа нэужь, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр щыгъуэзэ щІыпІэ проектыр гъэзэщІа хъуным теухуауэ зэфІэгъэкІыпхьэ лъэкъыгъэхэр зэрекІуэкІым.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьынымрэ сатумкІэ и министерствэм (Мусуков А. Т.) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэ схемэхэр щызэхилъхьэкІэ къылытэн хуейщ дунейпсо кхъухльэтэпІэщІэр, апхуэдэуи проектым къыщыгъэльэгъуа нэгъэущІ ухуэныгъэхэри щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэм ягъуэтыну зэхъуэкІыныгъэхэр.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ** **ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат**

● Іуащхьэмахуэ куей

## ЕджапІэм и япэ лъэбакъуэхэр

**Тырныауз къалэм дэт 3-нэ профтехучилищэм къыщызэрагъэпэща Іуащхьэмахуэ щІыналъэ колледжым и янэ лъабакъуэхэр ичу жыпІэ хъунущ. ЕджапІэм и унафэщІ Отаров Мыхьтар зэрыжиІамкІэ, ныбжьыщІэхэм курыт щІэныгъэ Іэщ Іагъэм ягъуэтауэ къаухынущ колледжыр.**

- ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭР къызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэр къызэдэкІауэ, къызэІутхыну ди мурада къудамэхэм я лэжьыгъэр зэтедухуауэ студентхэр тэмэму идогъаджэ. Псалъэм папщІэ, ди деж щыхудогъадж хьэщІэщхэр зэрагъэлажьэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщ хабзэхэм, банкым пыщІа Іуэхуэхэм. Дэрбзэр, пщафІэ, нэгъэущІ Іэщ Іагъэ зыбжанэ щызэбгъэгъуэтыфІынущ. Иужьрей илъэсищым едгъэкІуэкІа Іуэхуэтэныгъэхэм къагъэлъэгъуар аращ - Іуащхьэмахуэ щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм зауэ, я бжыгъэм кыхохьэу икІи дэзыхуедгъаджэ Іэщ Іагъэхэр зиІэхэм хуэныкъуэнущ, щІэблэр абыхэм худогъасэ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэ хьэщІэщхэм зэгурыІуэныгъэ етщІыпІэнущ, ди студентхэм я практикэ рабыхэм щрагъэкІуэкІыну. Ар лъэныкъуитІым я дежкІи хэкІыпІэ хъарзынэу къызэльытэ: Іуэхущ Іапі эхэм Іэмал ягъуэтынущ зи Іэщ Іагъэм нэхъ хэзэгъахэр къыхахынымкІэ, ди студентхэми лэжьыгъэ и пІалъэ зрагъэщІэнщ, - жеІэ еджапІэм и унафэщІым.

Мы зэманым колледжым студент 57-рэ щоджэ. Ахэр зыхуэныкъуэ псомкІи къызэгъэпэщащ: компьютерхэр зыщІэт класситІ, технолог, официант Іэщ Іагъэхэм хуеджэхэм папщІэ лабораторэ, иджырей мардзэм кьитІасэ мастерскойхэр. ЕгъэджакІуэхэм я процент 83-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ я Іэщ, щІэныгъэхэм я кандидатхэри аспирантхэри яхэтщ. СыткІи зи Іуэху зэпэщ хьуа еджапІэм и мурадщ етІанэгъэ студент нэхъыбэ къыщІэтэну.

**ДЖЫЛАХЬСТЭН ТІуитІ.**

## «Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

*Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!*

**Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм мазаем и 1-м щыщІэдзауэ къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.**

**Мазитхум ди газетым и уасэщ сом 296-рэ кІэнІейкІэ 75-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эм псоми.**

**Ди индексыр 51531**

# Зэманым декIыр лIыфIщ

**Ауэ сытми жIакъым а псалъэхэр Къэзанокъуэ Жэбагы. Абыхэм къагъэльагъуэ блэкIари, нобэри, къэкIуэнури быдэу зэрызэпыщIар, дэтхэнэри къыумылъытэу мыхъуну.**

ТАУ Пщыкъан

● Iуэху еплъыкIэ

ДЭТХЭНЭ жылагъуэми и зэхэщIыкIыр зыгъэпсыр тхыдэрщ. Нэхъапэм нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэу екIуэкIа Iуэхухэрщ лъэпкъымрэ щIыхэмрэ я гупсысэхэр зэфIэзыгъэувэр, зыпсыхьыр. ГъащIэм эщцыхьуэжкIэ дэ ди зэхэщIыкIми эпымыуу зехьуэж.

Зэгуэр Кавказыр щытащ урыс интеллигенцэр зытхьэкъуа лъахэу. Ар абыхэм къащцыхьурт езыхэр зэмыса щхьэхуитыныгъэ нэсым, щIыхьым, хабзэ тельыджкэм я щIыналъэу. Ди бгылъэ щIыпIэм дэрэжэгъуэ ин яритырт урыс литераторхэм, сурэтыщIхэм, макъамэтхэм.

Апхуэдэ дыдэу УрысеймкIэ еплъэкIырт кавказ лъэпкъхэри. Дигу кIэдгъэкIыжыну ирикъунщ епщыкIубгъуэ лэ1щIыгъуэм Владикавказ Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэ утыку, Екатеринограда ская станицэр Зауэ-Куржы гъуэгум и щIэдзапIэ хьуауэ зэрыщытар. Лъэпкъхэм ящыщ цIыху пэрыт куэд а зэманым щIэкъуэщ Урысейм и къалащхьэм и еджапIэхэм щэныгъэ щызгъэгъуэтыну. Тхыдэм и къэхукъащIэхэм абы лъандэрэ куэд щызэрахьэкIащ ди щIыналъэм, ауэ нобэ Къэбэрдей-Балькъэрым, Осетие Ищхьэрэм, Дагъыстаным, Адыгеим урысей, дунейпсо жылагъуэхэм зэрапыщIам зрагъэубгъукIэрэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэ псом и теплъэр къагъэщIэращI. Ар къызыкIэри гурыIуэгъэщ: дэтхэнэ лъэпкъри зэтезыщIыгъэр и щэнхабзэрщ. Щэнхабзэ щIэнныр зыифIэкIуэд лъэпкъыр утыкум кьонэ, зэрызиужькIын Iэмал къыуэ зэмыгъэ этыжу.

Литературэм, гъуэзджэм, философием, диным гъуаэ къуэд ущрохьэлIэ, зыхуэбгъэувыжка мурадыр кьоохуIэным ухуашэу. Жылагъуэ зэ-политикэ ухуэкIэр щахьуэжкIэ Iуэху еплъыкIэхэмэ захьуэжк. АрщхьэкIэ, реформэхэр ебгъэкIуэкIын папщIэ кхъапэм щыIа Iуэху псори зэпэплъытын хуейщ. Арыншамэ, щIэр кьоохьулIэнукъым. Ар унафэщIхэм къамылтыгъэмэ, жылагъуэр арэзы хуэщIынукъым. УсакIуэм зэхуэдизщ: «Зэманыр кьохахыркъым. Абы цIыхухэр щопсэу икIи я гъащIэр щаух». Зи тетыгъэр хэтми абы емылытыгъэ дэтхэнэ цIыхуми хуиту зыкьилытэжьын хуейщ. Властым цIыхубэм гуригъэIуэн хуейщ езым и мурадхэр, игъэув мардэхэр зыхуэзэр, ахэр гъэзэщIа зэрыкъуэм зэрыкIэлъыплъыну щыкIэр. Мы зэманым жылагъуэм и зэхэщIыкIэм апхуэдизкIэ зиужьащи, абы идэжьнукъым властхэм щхьэзыкIэфIу зыхуэпсэр ящэжьу. Ар и нэщэнэщ зыужьынныгъэм и лъэхэнэщIэм властым зыужьынкъым. Абы кIигъэуВ властым и Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зрагъэхъуэжьын хуейуэ.

Иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ «Кавказ: хабзэхэмрэ модернизацIэмрэ» яп1э зэхуэсыщхуэр. Абы хэтащ къэрал псом щыщIэрыIуэ кIи Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм екъуэлIэныгъэфIхэр щыIныкъуэм. УсакIуэм зэхуэдизщ: «Зэманым щыхэтрихьа Iуэхухэм я хэкIыпIэхэр кьыхэздалъхьуэнУ. Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр хущIэхуащI ди щIыналъэм пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ зэрызэпичыжьину Iэмалхэр зэгъэсу зэхалъхьэну. «Iэ дахущIокъу Кавказыр зэIухэу щытыным, мыбы гупсысэ кIэщIхэм, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIхэм зыщIегъэкъуэдиныем», - жиIащ зIуIущIэр зэрыщIыр. Ар и псалъэм епщIыжакъым. Ар ящIэн хуейщ Урысейм-мрэ Кавказымрэ зэпэщIэзыхьэ хущIэкъуэхэм. Лъэпкъ куэд зэрыщыщIсэум Кавказыр зэи игъэувакъым. «Iэ дахьэбэр езыIэм я фIэфIу илъэс 450-рэ и пэкIэ Урысей къэралгъэм хьихьащ, абы хуэпэжыну жаIэри. Аэр я псалъэм епщIыжакъым. Ар ящIэн хуейщ Урысей-мрэ Кавказымрэ зэпэщIэзыхьэ хущIэкъуэхэм. Лъэпкъ куэд зэрыщыщIсэум Кавказыр зэи игъэувакъым. «Iэ дахьэбэр езыIэм я фIэгъэкIэ щIыналъэм щыщIадзэуэр. Бгырыс лъэпкъым я

# Уехъуапсэ хъунущ апхуэдэ цIыхум

• Щапхъэ

ЗИ САБИИГЪУЭР зауэ нэужь ильэс гуГыухэм хибубыда ди лъэпкъэгъухэм къаХэкIащ зи адэжь щIыналъэм и зыужьныгъэм хьэлэлу хуэлжьа, ноби хуэзэпIэкI зыщIэ цIыху щIэрыIуэ куэд: еджагъэшхуэхэр, тхакIуэхэр, артистхэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр. Абыхэм ящыщщ ди тхыгъэр зытеуари - Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академием и лэжьакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Кьаскьул Мусэбий.

Мусэбий кьыдыхьАр унагъэущхущ: зкъуэш-зэшыпхъухэр бгъу хьурт. Абы и анэмрэ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэу кьикIыжа и адэмрэ я закъуэкIэ бынунэр зыхуей пхуэхуэгъэзэнт - нэхъ кьыдэкIуэгейхэр губгъуэм лэжьакIуэ дэмыкIыу хъуртэкьым, нэхъыщIэхэмщ кьалэн зырызыхьхэ щаIэт унагъуэм. Мусэбин тынщакьым - школым кьыщыдэхуэ, кьыщыуТIыпщ зэманхэм хуэзфIэкIыр ищIэу колхоз гуфIыуэм итт. Сыт хуэдизу гугъу ехьми, щIалэщIэм а псор щыгъупщрэкьыр трактор е комбайн ильэтъуа нэужь - и нэ кьикIыр абыхэм ирилэжьэну.

Я къуажэм, Ислъэмей, дзт школыр кьиуха нэужь, Кьаскъулыр егупсысын хуей хьуакьым зыхуедэжну Iэщ1агъэм - абы и къуэпсапIэт щыIэм, техникэм хуеджэну, щIотIысхьэ Тэрч мэкъумэш техникумым. Ар кьеух, кьегъэзэжри я кьуажэ щызэхэт «Къэбэрдей пIыхьжь» колхозым инженер-механикыу лэжьэн щыщIедзэ. И Iэщ1агъэм нэхъри хуэIэижь зищIын, и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ, щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым. Ари хъарзынэу кьеухри, зы илъэс нэхъыбэ мылажьауэ, мэкъумэш хозяйствэм пыщIауэ Краснодар кьалэм дэт щIэныгъэ-къэухтауэ институтым и аспирантурэм щIотIысхьэ. Зыхуедэж Iэщ1агъэм дихьэх щIалэм гу кьыгъмытэу къэнакьым институтым и унафэщIхэм: аспирантурэ нэужьым ар а еджапIэм щылажьну къагъэнэж.

Мусэбий и кьулыкъуэкIэ дэкIуеину, Iэнат1эфIи кьыщратыну кьыщIэкIынт Краснодар, ауэ щIэныгъэхэм я кандидат хьуа ащыгъ щIалэм и гур кьеIэрт и адэжь хэкум. 1976 гъэм кьегъэзэжри, жыг хадэ гъэкIыным елэжь опытнэ станцым мэув. Илъэс зытIу нэхъ дэмыкIыу Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым щылажьну ирагъэблагъэ, агромелиративнэ институтыр кьызэIуаха нэужь, техникэ IуэхугъэкIэ щыIэ кафедрэм егъэджакIуэу ящэ. ИужькIэ теоретическэ, прикладной математикэмкIэ кафедрэм и доцент мэхъу. А лжьыгъэм пэрыту абы пхигъэкIащ доктор диссертацэр. 1996 гъэм Кьаскъулыр хах хьэсэхэм псы зэрыщIагъэлъадэ машинэхэм щыхурагъадж кафедрэм и унафэщIу. А Iэнат1эр абы зэрихьащ илъэсиблкIэ. Мы зэманым еджагъэшхуэр мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIынымкIэ кафедрэм и профессорщ.

Мусэбий Краснодар щыщIа лъэхъэнэри, и адэжь хэку щыщылэжьа зэманри купщIафIэу щытащ. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, кьигупсыса Iэмалыщ1эхэр кьыщагъэсэбэщащ «Целиноград», «ВаГъу плъажь» заводышхуэхэм, мэкъумэш Iуэхум пыщIа машинэхэр кьыщыщIагъэкIэхэм. «Буран»-кIэ эджэ хьэрщ программэм елэжьахэмэ яхэтащ. Мэкъумэш Iэнат1эхэм я техникэр мыкъуагъу илъэс куэдкIэ лэжьэным текууауэу абы кьигупсысахэр Самарэ кьалэм дэт «Прогресс» заводым кьыщагъэсэбэщ. Кьаскъулым итхащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щIигъу, патенту 26-рэ иIэщ.

- Мусэбий нэхъыжьыфIу, сыт хуэдэ Iуэхуэкли чэнджэщгъу кьытхуэхьуу кьыддолажьэ, - жеIэ мэкъумэш академием и кафедрэм и унафэщI Мышкьуэужь Владиислав. - Иригъаджэ ныжькIыщIэхэм ящыщ щолажьэ. Щадэ нэхьыщIэр, Асльэн, адэм и лъагъуэм ирикIуащ; мэкъумэш Iуэхум хуоджэ, аспирантурэм щIэсщ. Спортсменщ, дзюдомкIэ спортым и мастерщ.

1944 ГъЭМ ди дзэхэм Талринн кьащтащ. Апхуэдизкlэ псынщIэу кьащтати, нэмыщ псори хунэсатэкьым абы дэIэпхъукIыжыну. Фашист щыкьомым егъэзыпIэхэм зыщагъэпщкIуат.

Офицер Иуан Хьэсэн кьалэн кьащащ1 Фин тенджыз кьуэпсым и ныджэр щIыщIкIыну. И ротэм щыщ зауэлI зыбжанэ зыщIэнгъэурр, ар а щыпIэм макIуэ.

Абдежьыр къуршылъэт, мывэ джей инхэр щыкуэдт. "Мыбдежьым ущыбэлэрыгъ хъункьым, - жяриIащ и гъэсэхэм Хьэсэн. - Гъунэнджвуэ бийр дэнэкIи кьиуКIыфынущ".

Асыхьэтым Иуаным кьелъагъу епхауэ псы Iуфэм Iут кхъуагъкIэр. Абы лIыжь гуэр зиудыгъуауэ ист.

"Ухэ? Мыбдеж щыпщIэри сыт?" - лIыжьым ёоупщIхэр.

Эстон тхъэмадэм кьаухуIэтащ щыиагъэлэ кхъуафIэжьеим ирабыдауэ зэрисыр. Абы нэмыщ генерал гуэрым унафэ кьыхуищIат жэщ зэрыхьуу езыри и гъусэхэри тенджыз кьуэпсым зэпримщу Финляндием ишэн хуейну... ЩIэпхъэщыжьыну зи мурад генералым щыIгъут сэлэтпIщ. Абыхэм зыщагъэпщкIуат тенджыз Iуфэм пэгъунэгъу мэзым.

"Дауэ сщIымэ нэхъыфI? - йогупсыс Иуаныр. - Дэ абыхэм я зэхуэдитI дыхьухрыкьым. Кьалэм зытхъэжку зауэлI гуп кьызыщIызгъун?" ИтIанн щIогъуэж: "ЛIыгъэр бжьгъэкIэ кьаатыгъэркьым, - зэкъуэхуауэ дагъуэнщ".

Фашистхэм зыщагъэпщкIуа пхъэ унэ цIыкIум щжуу йокIуалIэ. ЩIыхьэпIэм дежь зы кьэрэгъуэ щытти, "цIугI" жрагъэIакIым. Ар Iуэуэпъэуэнщу Iуахри, унэм щIэсхэм ятоуэ.

Зэхэуэ гуащIэм бий зауэлI зыбжанэ хокIуадэ, кьэнахэр - генералыр я пашэу - гъэр кьащI.

Абы и пэкIи Хьэсэн лIыгъэнщу щытакьым. Нэмыц зэрыпхъуакIуэхэр СССР-м кьыщыгтеуа махуэм щегъэжьауэ абы Iэщэр игъэтIылъатэкьым. Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) кьуажэм кьыщагъэхуа щIалэр псэзэпыIъхьэпIэ мызэ-мытIэу ихуащ, гуэвзгъуэ зыбжанэмэ кьелащ. Абы игу ильэ зэпытт адыгэ нанэр ихъуэмэн зэрыхуейр, и нэгу щIэкIыргъэкъым и адэ-анэр, и Iыхьлъхэр, и Къэбэрдейр. Арат и кьаурр хуищIщIкIэ щIэбагъуэр, бий илъэгъуамэ, гуэгъгъэжькIэ и гур щIэнэтр...

Иуан Хьэсэн яхэтащ Ленинград зыхъумакъым, Прибалтикэр зыхъумакъым, Прибалтикэр Берлин гъунэгъу хуэхъуат. Ауэ идкьыр бийм и кьаурр илът. "Зы совет заэлI Одер кьызэпрыдгъэкIынкьым", - жаIэу нэмыцхэм а псым и адрыщI ныджкэм зыщагъэбыдэ. Ауэ жыIэзыщIэщхэм я мурадыр кьайхъуIакъым.

Жэщ гуэрым Иуаныр и ротэр щжуу Одер и адрыщI ныджкэм зэпрокI. Ятпэ ищахэм псы Iуфэм зыщагъэбыдэ.

Нэху щыху увыIакъым заэлIхэр - зыдэсыну щIыпIхэр кьаатIащ, я Iэщэхэр бийм хуагъэпсащ. Фашист быдапIэхэр гъунэгъут, я кьэрэгъулхэр зэрызэпсалъэр зэхэпхырт. Абыхэм я зэпсэлъэкIэмкIэ кьапщIэрт совет заэлI гуп псым зэпрыкIауэ зыныгъын хуейт. ИкIи заIыгъащ.

Абы хэ ту ди дзэхэр псы Iуфэм кьыщитIысыкIыу хуеЖьати, Иуаным зыкьеIэтри, маджэ: "Ей, маржэ хъужьхэнхэ, нобэ хуэдэ зы махуэщ Хэкум дэ Iэщэ кьыщIыдитар... Ятпэкли!"

Командирыр ятпэ ити ди зауэлIхэм ебгъэрыкIуэн щIадзэ. Бийм зыхуэIыгъакъым - икIуэтащ.

А пщэдджьыжьым Хьэсэн и ротэм фашисту щэм нэс зэтриукIащ. Псом яущхьэрати, ди дзэм зэпрыкIыныр кьыхэригъэпэщащ.

Шэджагъуэхэуэгъуэу ротэр нэмыцэ кьуажэ гуэрым дыхьащ. ЗауэлIхэр езэшат, зэхэуфIеят. Ауэ ахэр хунэсакьым загъэпсэхуныр загъэхьэбгъэнуи... ПъэныкIуэкIэ кьыхьэрыкIыхуахэр кьуажэм кьыхуэкIуэрт Iэщ1экIэ зэщIэуэда езырызекIуэ машинэхэр, абыхэм яужь итыжт нэмыцэ-фашистхэр.

Иуаным псынщIэу зыпещIэ полкым и унафэщIым, Iуэхур зытетыр жреIэ икIи йолъэIу пщэдджьыжьым щыIэзэуа щIыпIэмкIэ икIуэтыжьыну хуит кьыщIыну.

- Апхуэдэу щхьэ нэхъ кьапщтэрэ? - кьоупщI полковникыр.

- Къуажэм дыкьыдэнэмэ, нэщанэуапIэ дыхьунущ, дикIуэтэмэ, зыхьуэмжьыпIэхэр диIэщ.

- Арамэ, зрынщ... Гъэзащ1э. Ротэр, пщэдджьыжьым щыIэзуа щIыпIэмкIэ йокIуэтыжьри, бийм потIыс. Ихъурэтыр иращэкIыу езырызекIуэ машинэхэр кьоблагъэ. Иуаным унафэ ещI: "Къэсыпа нэужькIэщ абыхэм дащеуэнур. Абдежьым ахэр идубыдэнщI".

Мис, ятпэ итыр езым хуэзанщIэ кьохьу. ЗджьзджькьащщхьэщокIуэтэ жырым къыхэощIыкIа машинэжьыр, дзэхэм ганкьым зыщIыхьри мынэхъ тIасхъэр. Гъунэгъу дыдэу зыбгъэдегъжьэри, Хьэсэн абы гранатэр иреутIыпщ. Ауэ а зэ еутIыпщыгъуэмкIэ машинэм тета топыр хуэхъута кьудейщ. И лъэгур и тIасхъапIэщи, и щIагъым щIэхуэу зэреуэнум зыхуещI. Машинэр кьыщхьэщIыкIыжьа щIыхьэм, Иуаным абы иреутIыпщ етIуанэ гранатэр. Езыми псынщIэу щIытIым зыдедзэж. Щыблэу кьэIуащ уэ макъыр, щIыр игъэздмыхьжу. ЗэщIафиежу адэмыдэкIэ зэбгроIуенкI жыр кьутахуэхэр.

... А псори напIэдэхьеиегъуэм къжъуа Iуэхущ. Абы кьыкIэлъокIуэ етIуанэ тэлайр - етIуанэ машинэрэ кьыщигъуар. Куэд дэмыкIыу ещанэми мафIэ Iэмбатэу зыкьрегъэIэт, еплIанэри, и лъэгур щIеудри, зепщIыпщу ныдджэм ятпэм.

Зы зэман кьызэплъэкIмэ, командирым елъагъу и гъусэ зауэлIхэр зыдэс щIытIхэм я щIыбагъ кьыдыхьауэ машинэщIутIым ятпэ взводыр Iисраф кьызэращIыр. Абыхэм ягъэщтащи, сэлэтхэр кьыщоIуэт, кьыщыцIэтхэр нэмыцэхэм пулеметкIэ щIалъэпъэтэ.

- Фи гупэр, фи гупэр яхуэвгъаз, - мэгуо Хьэсэн икIи а пъэныкьуэмкIэ зреч.

"Феуэ нэлатыр зытехуэзхэм", - мэкIий ар, и зауэлIхэм зыхьриIэщIэжу. Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр кьегъауэ. ЕтIуанэмэ гранатэр иреутIыпщ. НэгъэщIэ ар зыми хунэсыжакъым. Гъунэгъу кьыщIыдуа шэм и пъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкьищIэжащ уэгъэщIэм щIэлъу. Зигъэхъеину хуеежьащ - лъэкIакъым. ЗыкьпIэбэрэбыхьу щIедзэ. Иоплъ и лъакъуэхэр зэрыхуэгъэхъейм. Зыр егъэхьеиф... ИкIи зэуэ кьыхощтыкI: "Адрейр пытыжкъым!" Iущ1ыхьэ пштырыр и тэмакъым кьыщIоувэ: "ЕI, бетэмал, си щIалэгъуэ дахэти... Си лъакъуэр спымытыжу дауэ сыпсэуну?"

Абы хэту дохутырым и макъ щабэр кьыдзэхех: "Уи гур умыухыж, лIыхьужь! ПсэууэукъыщIэрынам щыгуфIыкI!"

Илъэс тIощIрэ блым унту ныкъуэдыкъуэ ухъункIи гукъеуэшхущ. Ауэ Иуан Хьэсэн и нэгум щIэкIат укIыгъэ Iэджэ, и ныжьыжгъу куэди хамэ щIыпIэкэм щыщIилъхьажьри, зауэм хиха фэбжьыр и цхъэ закъуэ насыпыншагъэу зэрыщIымытыр кьыгурыIуэрт.

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Иуан Хьэсэн кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Газетым тету а унафэм кьыщеджам ар идджыри сымаджэщым кьыщIатхыкIыжатэкьым.

"И бын нэхьыфI дыдэхэм зэрахуэупсэмкIэ Хэкур кьыхуэгъэпащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, а пщIэшхуэм хуэфащэу дяпэкIи гъжьэни псэуни хуейщ", - жиIэу фIы зэрищIэнум ар щIэжъуэпсырт.

А гъэ дыдэм абы Къэбэрдейм кьитгъэзэжащ. Хьэсэн цIыхухэм фIыуэ кьаатьагурт, сыту жыпIэмэ абыхэм я Iуэху зыщыIыкIынт ар сыт щыгъуэ зыхущIэкъуэр. Республикэм и унафэщIхэм яхэту щылэжьам абы Iуэхуфl куэд зэфIигъэкIырт.

1972 гъэм Иуан Хьэсэн Палиб и къуэр дунейм ехыжащ. Езыр кьытхэмытыжми, лъэужьыфI кьъэшIэна эдэн зэIущIэ нэсыр и лъэпкъэгъуэм тщыгъупщрэкъым. ЗыщащIэуа Дохъушыкъуейм щагъэуващ абы и фэеПIъ сын. А кьуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуан Хьэсэн и цIэр зэрахьэ.

**ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд.**

• ТекIуэнигъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

## Совет Союзым и ЛIыхъужь

# Иуан Хьэсэн



зауэлI гуп псым зэпрыкIауэ зэрапэтIысыр пщIыхьпIэу зэрамыIъгъыр.

Пшагъуэ тельу нэху щащ. Ар фIыт зэ хущыщIадзэу псым кьыщэпрыкIыну ди дзэхэм я дежкIэ. Пэ зу зэрыщу, Иуаным и гупым бийм еуэн щIедзэ. АрщхьэкIэ кьарухэр зэхуэдэтэкъым. "ФашистыжьхэкIа псым фыхэтхуэжьынщи, федгъэтхьэлэнщ", - жыIуаIэу нэмыцэ хэр кьоблагъэрыкIуэ, ди зауэлIхэм яныгъ щы кIапэм, я кьехьым хуэдэу, щэр кьытрагъэпъатэ. Ауэ Иуаным и ротэм бийм ядичыхыркьымэ, зэхэуэ нэхъри гуащIэ мэхъу. Щэхэр эмфий, щыр дэздыжьджу гранатэхэмрэ топыщэхэмрэ кьоуэ. Фашисту яукIыр куэд мэхъу, ауэ совет заэлIхэрэ хокIуадэ. ИтIанн дыдейхэр псым кьэзэрыкIыхьу зыныгъын хуейт. ИкIи заIыгъащ.

Абы хэ ту ди дзэхэр псы Iуфэм кьыщитIысыкIыу хуеЖьати, Иуаным зыкьеIэтри, маджэ: "Ей, маржэ хъужьхэнхэ, нобэ хуэдэ зы махуэщ Хэкум дэ Iэщэ кьыщIыдитар... Ятпэкли!"

Командирыр ятпэ ити ди зауэлIхэм ебгъэрыкIуэн щIадзэ. Бийм зыхуэIыгъакъым - икIуэтащ.

А пщэдджьыжьым Хьэсэн и ротэм фашисту щэм нэс зэтриукIащ. Псом яущхьэрати, ди дзэм зэпрыкIыныр кьызэригъэпэщащ.

Шэджагъуэхэуэгъуэу ротэр нэмыцэ кьуажэ гуэрым дыхьащ. ЗауэлIхэр езэшат, зэхэуфIеят. Ауэ ахэр хунэсакьым загъэпсэхуныр загъэхьэбгъэнуи... ПъэныкIуэкIэ кьыхьэрыкIыхуахэр кьуажэм кьыхуэкIуэрт Iэщ1экIэ зэщIэуэда езырызекIуэ машинэхэр, абыхэм яужь итыжт нэмыцэ-фашистхэр зэрыщIыкIа машинэжьыр, а дзэхэм ганкьым зыщIыхьри мынэхъ тIасхъэр. Гъунэгъу дыдэу зыбгъэдегъжьэри, Хьэсэн абы гранатэр иреутIыпщ. Ауэ а зэ еутIыпщыгъуэмкIэ машинэм тета топыр хуэхъута кьудейщ. И лъэгур и тIасхъапIэщи, и щIагъым щIэхуэу зэреуэнум зыхуещI. Машинэр кьыщхьэщIыкIыжьа щIыхьэм, Иуаным абы иреутIыпщ етIуанэ гранатэр. Езыми псынщIэу щIытIым зыдедзэж. Щыблэу кьэIуащ уэ макъыр, щIыр игъэздмыхьжу. ЗэщIафиежу адэмыдэкIэ зэбгроIуенкI жыр кьутахуэхэр.

... А псори напIэдэхьеиегъуэм къжъуа Iуэхущ. Абы кьыкIэлъокIуэ етIуанэ тэлайр - етIуанэ машинэхэр кьыщигъуар. Куэд дэмыкIыу ещанэми мафIэ Iэмбатэу зыкьрегъэIэт, еплIанэри, и лъэгур щIеудри, зепщIыпщу ныдджэм ятпэм.

Зы зэман кьызэплъэкIмэ, командирым елъагъу и гъусэ зауэлIхэр зыдэс щIытIхэм я щIыбагъ кьыдыхьауэ машинэщIутIым ятпэ взводыр Iисраф кьызэращIыр. Абыхэм ягъэщтащи, сэлэтхэр кьыщоIуэт, кьыщыцIэтхэр нэмыцэхэм пулеметкIэ щIалъэпъэтэ.

- Фи гупэр, фи гупэр яхуэвгъаз, - мэгуо Хьэсэн икIи а пъэныкьуэмкIэ зреч.

"Феуэ нэлатыр зытехуэзхэм", - мэкIий ар, и зауэлIхэм зыхьриIэщIэжу. Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр кьегъауэ. ЕтIуанэмэ гранатэр иреутIыпщ. НэгъэщIэ ар зыми хунэсыжакъым. Гъунэгъу кьыщIыдуа шэм и пъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкьищIэжащ уэгъэщIэм щIэлъу. Зигъэхъеину хуеежьащ - лъэкIакъым. ЗыкьпIэбэрэбыхьу щIедзэ. Иоплъ и лъакъуэхэр зэрыхуэгъэхъейм. Зыр егъэхьеиф... ИкIи зэуэ кьыхощтыкI: "Адрейр пытыжкъым!" Iущ1ыхьэ пштырыр и тэмакъым кьыщIоувэ: "ЕI, бетэмал, си щIалэгъуэ дахэти... Си лъакъуэр спымытыжу дауэ сыпсэуну?"

Абы хэту дохутырым и макъ щабэр кьыдзэхех: "Уи гур умыухыж, лIыхьужь! ПсэууэукъыщIэрынам щыгуфIыкI!"

Илъэс тIощIрэ блым унту ныкъуэдыкъуэ ухъункIи гукъеуэшхущ. Ауэ Иуан Хьэсэн и нэгум щIэкIат укIыгъэ Iэджэ, и ныжьыжгъу куэди хамэ щIыпIэкэм щыщIилъхьажьри, зауэм хиха фэбжьыр и цхъэ закъуэ насыпыншагъэу зэрыщIымытыр кьыгурыIуэрт.

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Иуан Хьэсэн кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Газетым тету а унафэм кьыщеджам ар идджыри сымаджэщым кьыщIатхыкIыжатэкьым.

"И бын нэхьыфI дыдэхэм зэрахуэупсэмкIэ Хэкур кьыхуэгъэпащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, а пщIэшхуэм хуэфащэу дяпэкIи гъжьэни псэуни хуейщ", - жиIэу фIы зэрищIэнум ар щIэжъуэпсырт.

А гъэ дыдэм абы Къэбэрдейм кьитгъэзэжащ. Хьэсэн цIыхухэм фIыуэ кьаатьагурт, сыту жыпIэмэ абыхэм я Iуэху зыщыIыкIынт ар сыт щыгъуэ зыхущIэкъуэр. Республикэм и унафэщIхэм яхэту щылэжьам абы Iуэхуфl куэд зэфIигъэкIырт.

1972 гъэм Иуан Хьэсэн Палиб и къуэр дунейм ехыжащ. Езыр кьытхэмытыжми, лъэужьыфI кьъэшIэна эдэн зэIущIэ нэсыр и лъэпкъэгъуэм тщыгъупщрэкъым. ЗыщащIэуа Дохъушыкъуейм щагъэуващ абы и фэеПIъ сын. А кьуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуан Хьэсэн и цIэр зэрахьэ.

**ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд.**

• Футбол

## Анголэм и чемпионым бжьгъэшхуэкIэ токIуэ

**«Спартак-Налшыкым» Тыркум щригъэкIуэкI зыгъэсэныгъэхэм кьриубыдэу вэсэмахуэ зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ иригъэкIащ.**

ДИ ЩIАЛЭХЭМ командэм хьэрхуэрэгъу кьахуэхьауэ Анголэм 2009 гъэм и чемпион хьуа «Петру Атлетику» командэр. Зэ1ущIэр, 4:0-у, налшыкдэхэм я текIуэнигъэкIэ ихуащ. «Спартак-Налшыкым» хэту а махуэм джэгуIэ губгъуэм кьихьащ тренерхэр зыкIэпыIпыIыну зыгъэсэныгъэхэм кьрагъэблагъа футболистхэр.

Нэгъабэ щыджэгуахэр хэту «Спартак-Налшыкым» щIышылэм и 20-м зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ дригъэкIуэкIынущ Корее Ипщэм и командэхэм ящыщ зым. КIыкIэлъыкIуэу, щIышылэм и 22-м, Iущ1ынущ УЕФА-м и Кубокыр зыIэщIэлъ Донецк и «Шахтер»-м.

## Къэжэрымрэ Дыщэкlыимрэ «Кубань»-м ирегъэблагъэ

**Тыркум и Белек къалэм зыгъэсэныгъэхэр щегъэжьэкIуэкI Краснодар и «Кубань»-м зыкIэлъыплъыну мы махуэхэм иригъэблагъэхэм ящыщ. нэгъабэ «Анжи»-м щIиджэгуу Налшык къэзыГъэзэжа Гъ-ащхьауэ Къэжэр Назиррэ, «Черноморец»-м бэдзэнду иныГа Гъущ-хьэхъумэныкъуэ Дыщэкl Аслъэнрэ.**

АХЭР краснодардэсхэм къащтэну загъэхьазыр. «Спартак-Налшыкыр» абыкIэ арэзы хуэдэщ.

**ЖЫЛАСэ Замир.**

• Теплъэгъуэхэр

**Илъэсыщ1э псейм зыкърех.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

щыщIыкIэ машинэхэр, а дзэхэм ганкьым зыщIыхьри мынэхъ тIасхъэр. Гъунэгъу дыдэу зыбгъэдегъжьэри, Хьэсэн абы гранатэр иреутIыпщ. Ауэ а зэ еутIыпщыгъуэмкIэ машинэм тета топыр хуэхъута кьудейщ. И лъэгур и тIасхъапIэщи, и щIагъым щIэхуэу зэреуэнум зыхуещI. Машинэр кьыщхьэщIыкIыжьа щIыхьэм, Иуаным абы иреутIыпщ етIуанэ гранатэр. Езыми псынщIэу щIытIым зыдедзэж. Щыблэу кьэIуащ уэ макъыр, щIыр игъэздмыхьжу. ЗэщIафиежу адэмыдэкIэ зэбгроIуенкI жыр кьутахуэхэр.

... А псори напIэдэхьеиегъуэм къжъуа Iуэхущ. Абы кьыкIэлъокIуэ етIуанэ тэлайр - етIуанэ машинэхэр кьыщигъуар. Куэд дэмыкIыу ещанэми мафIэ Iэмбатэу зыкьрегъэIэт, еплIанэри, и лъэгур щIеудри, зепщIыпщу ныдджэм ятпэм.

Зы зэман кьызэплъэкIмэ, командирым елъагъу и гъусэ зауэлIхэр зыдэс щIытIхэм я щIыбагъ кьыдыхьауэ машинэщIутIым ятпэ взводыр Iисраф кьызэращIыр. Абыхэм ягъэщтащи, сэлэтхэр кьыщоIуэт, кьыщыцIэтхэр нэмыцэхэм пулеметкIэ щIалъэпъэтэ.

- Фи гупэр, фи гупэр яхуэвгъаз, - мэгуо Хьэсэн икIи а пъэныкьуэмкIэ зреч.

"Феуэ нэлатыр зытехуэзхэм", - мэкIий ар, и зауэлIхэм зыхьриIэщIэжу. Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр кьегъауэ. ЕтIуанэмэ гранатэр иреутIыпщ. НэгъэщIэ ар зыми хунэсыжакъым. Гъунэгъу кьыщIыдуа шэм и пъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкьищIэжащ уэгъэщIэм щIэлъу. Зигъэхъеину хуеежьащ - лъэкIакъым. ЗыкьпIэбэрэбыхьу щIедзэ. Иоплъ и лъакъуэхэр зэрыхуэгъэхъейм. Зыр егъэхьеиф... ИкIи зэуэ кьыхощтыкI: "Адрейр пытыжкъым!" Iущ1ыхьэ пштырыр и тэмакъым кьыщIоувэ: "ЕI, бетэмал, си щIалэгъуэ дахэти... Си лъакъуэр спымытыжу дауэ сыпсэуну?"

Абы хэту дохутырым и макъ щабэр кьыдзэхех: "Уи гур умыухыж, лIыхьужь! ПсэууэукъыщIэрынам щыгуфIыкI!"

Илъэс тIощIрэ блым унту ныкъуэдыкъуэ ухъункIи гукъеуэшхущ. Ауэ Иуан Хьэсэн и нэгум щIэкIат укIыгъэ Iэджэ, и ныжьыжгъу куэди хамэ щIыпIэкэм щыщIилъхьажьри, зауэм хиха фэбжьыр и цхъэ закъуэ насыпыншагъэу зэрыщIымытыр кьыгурыIуэрт.

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Иуан Хьэсэн кьыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Газетым тету а унафэм кьыщеджам ар идджыри сымаджэщым кьыщIатхыкIыжатэкьым.

"И бын нэхьыфI дыдэхэм зэрахуэупсэмкIэ Хэкур кьыхуэгъэпащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, а пщIэшхуэм хуэфащэу дяпэкIи гъжьэни псэуни хуейщ", - жиIэу фIы зэрищIэнум ар щIэжъуэпсырт.

А гъэ дыдэм абы Къэбэрдейм кьитгъэзэжащ. Хьэсэн цIыхухэм фIыуэ кьаатьагурт, сыту жыпIэмэ абыхэм я Iуэху зыщыIыкIынт ар сыт щыгъуэ зыхущIэкъуэр. Республикэм и унафэщIхэм яхэту щылэжьам абы Iуэхуфl куэд зэфIигъэкIырт.

1972 гъэм Иуан Хьэсэн Палиб и къуэр дунейм ехыжащ. Езыр кьытхэмытыжми, лъэужьыфI кьъэшIэна эдэн зэIущIэ нэсыр и лъэпкъэгъуэм тщыгъупщрэкъым. ЗыщащIэуа Дохъушыкъуейм щагъэуващ абы и фэеПIъ сын. А кьуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуан Хьэсэн и цIэр зэрахьэ.

**ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд.**

ЩIышылэм И 23-м

1-нэ Белорус фронтым и дзэхэм Быдгощ кьалэ быдапIэр кьащтащ. А махуэм и етIуанэ Iыхьэм ди дзэхэм кьаухьуреихьащ Познань зыщIыщIагъэбыда нэмыцэдзэхэр.

Гвардием и 33-нэ фочгъауэ корпусыр, генерал-полковник Лебеденкэ Н. Ф. и унафэм щIэтыр, Одер псым ятпэу екIуэлIащ. 15-нэ дивизэм и 44-нэ полкым и ятпэ ротэм и парторг Шаимов Абдула «Рынеуэ!» - жиIэри ину кIиящ, ещэ псом ятпэу мылым техьащ. Абдежьм щыщIдзащ Одер пскьыхуэр зыбгъэ нэмыцэдзэм еБгъэрыкIуэн.

ЩIышылэм И 24-м

4-нэ Украин фронтым хьихьэ 59-нэ, 60-нэ армэхэр километри 10 - 12 хуэдизкIэ и пэкIэ кIуэтащ, Рыбник кьалэри кьащтащ.

ЩIышылэм И 25-м

Главнокомандующэ нэхьыщхьэр 1-нэ Белорус фронтым и унафэщI Жуков Г. К. и деж мэпсалъэ, зауэ Iэнат1эхэм Iуэхур зэрыщытри зрегъащIэ. Сталин Йосиф Одер и деж бийр нэхъ псынщIэу щIыз этекьутэныжмкIэ кьалэныщIэхэр маршалым хуегъэув.

ЩIышылэм И 26-м

2-нэ Белорус фронтым и дзэхэм (маршал Рокоссовский К. К.) а махуэм текIуэныгъэ куэд кьихьащ. Ахэр екIуэлIащ Фришес-Хаффэ псыдыхьэпIэм, гъунэгъу хуэхьуащ Висла псым. Абыхэм ГолышIэщIэрэм кьанэ щIагъуэ щымыIэу бийр ирахужащ, Торунь быдапIэм зыщыщIагъэбыда нэмыцэ-фашистхэри кьаухьуреихьащ.

СССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Ленинград кьалэм Лениным и орденыр хуагъэфэщащ.

ЩIышылэм И 27-м

1-нэ У краин фронтым и дзэхэм (маршал Конев И. С.) Освенцим лъэхъуэщ иныр хуит кьащIыжащ. Освенцим, езы нэмыцэхэр АушвицкIэ едж эрт, 1940 гъэм фашист Германием кьызэригъэпэщащ. ИльэситхУм кьриубыдэу абы щыху мелуани 4-м щIигъу икIуэдащ. Абы иIэт цIыхухэр щагъэс, щагъалIэ камерэхэр, гутIу щрагъэхь, ныкьуэдыкьуагъэ куэд щытрадзэ унэ хэхахэр. А псомэ зэрреджэр «Ажалым и фабрикэт».

ХьуманIэ инхэм кьыщагъэутат щыхубгъ щхьэщ кьудейуэ килограмм мини 7-м щIигъу, дыщдзэз, цIыхуу кьуащхьэ, нэгъэщIэщ1 хьэпшыт куэд дыдэ. Мыбы зи щхьэ жэр щащу Германием щагъэпщылIыну яхуа цIыхубзхэм я бжыгъэр мини 140-м щIегъу.

3-нэ Белорус фронтым и дзэхэм (командующэу щытар армэм и генерал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь Черняховский И. Д.) Гитлер и ставк эм Растенбург щыхуащIауэ щыта быдапIэр кьащтащ.

ЩIышылэм И 28-м

1-нэ Прибалтикэ фронтым и дзэхэм (армэм и генерал Баграмян И. Х.) Мемель (Клайпедэ) кьалэр, кхъухь тедзапIэр кьищтащ икIи Литвар хуит кьищIыжащ.

1-нэ Украин фронтым и дзэхэм Силезие Ищкъэм (Ипщэм) и промышленнэ центр ин Катовице кьалэр хуит кьищIыжащ.

Румыниемрэ лъэпкъ-демократ фронтыр кьызэрагъэпэщащ абы и уставри кьащтащ.

ЩIышылэм И 29-м

4-нэ нэмыцэ армэм кьарууэ иIэр кьрихьэлIащ Мюльхаузен, Прейс-Холлянд гъэзэгу зэблэкIыпIэхэм я деж ди дзэхэр кьыщигъэкIуэтыным икIи абы хуэзэфIэкIащ километри 10-12-кIэ къэкIуэтэн. Ауэ маршал Рокоссовский К. К. Iуэхур зэрыщытыр псынщIэу кьилъытащ. Абы и унафэм щIэт 2-нэ Белорус фронтым и дзэ гупышхуэ бийм пэщIигъэуващ икIи нэмыцэ-фашистыдзэр абдежьым щыхагъэщIащ.

А махуэ дыдэм Гитлер и командованэм и кьулыкъум тригъэкIащ 4-нэ нэмыцэ армэм и командующэ генерал Кох Э. Абы и пIэкIи ягъэуващ лъэсыдзэм и генерал Госбах Ф.

1-нэ Белорус фронтым и дзэхэр Познань и ищхьэрэ кьухьэпIэ лъэныкьуэмкIэ Германием и кърал гъунапкъэм щихьащ.

ЩIышылэм И 30-м

3-нэ Белорус фронтым и дзэхэмэ нэмыцэдзэхэмрэ Фришес-Хаффэ псыдыхьэпIэм деж зауэ гуащIэ щрагъэкIуэкIащ, лъэныкьуитIми чэ-ч-ч-

# Бжэн цІыкІуитІыр

БЖЭН ЦІЫКІУИТІЫР губзыгъэу къыщІэкІащ. А тІури ирикІуэрт къурш джабэмкІэ екІуэкІ лъагъуэм. Зы бжэн цІыкІур хужьыбзэщ, адрейр - фІыцІабзэщ. Лъагъуэр бгъуэзщ, зы бжэн цІыкІур ерагъыу текуэ къуденуэ. Арати, бжэн цІыкІуитІри зыр-зым хуэмІуэрэ и зэхуэдитІым щызэкуозэ. Сыт ящІэн хуейр? Гупсысащ тІурн. ИтІанэ зы бжэн цІыкІур лъагъуэм тегъуэлъэхащ, и щхьэри игъэтІылъащ. Адрейр сакъыпэурэ щабзу абы ебакъуэри, и гъуэгу теувэжащ. Лъагъуэм тегъуэлъэхьа бжэн цІыкІури къэтэджыкри, ари ежьэжащ здэкІуэ лъэныкъуэмкІэ.

*Зэхьдзэкіар*
**СОНЭ Абдулчэримщ.**

• ФщІэуэ пІэрэ?

# Адыгэ махуэгъэпс

АДЫГЭ лъэпкъыжьым ильэсым и зэманхэр дыгъэмкІэ, мазэмкІэ, вагъуэбэмкІэ эжибжыкІыр ИлъэсыР Іыхьиплы ягуэшыкІыр: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щІымахуэ.

Ильэсым и Іыхьиплыр гуэшыжат мазэхэу. Мазэц1эхэри мыращ: **гъатхэпэ** (март), **мэлыжьыхь**(апрель), **накьыгъэ** (май), **мэкъуауэгъуэ** (июнь), **бадзэуэгъуэ**(июль), **щышкэлу** (август), **фокІадэ** (сентябрь), **жэпуэгъуэ** (октябрь), **щэкІуэгъуэ** (ноябрь), **дыгъэгъабзэ** (декабрь), **щышышэ** (январь), **мазае** (февраль).

ЩІымахуэм и щІыІэгъуэ дыдэр йокІуэкІ махуэ 40-кІэ. Абы кьыхэкІыу жаІэ «щІымахуэ шылэ». Гъатхэуэм и хуабэгъуэм щхьэкІэ жаІэ «гъэмахуэ шылэ». Ари йокІуэкІ махуэ 40-кІэ. «ЩІылэ псалъэр къэжриІыгъэм кьыхэкІащ, а бзэмкІэ «чилл» жиІэмэ, 40 бжьыгъэ къокІ, абы ди бзэм «шылэ» теплъэ щигъуэтащ.

Щ1ымахуэ шылэм къраугъыдэ щІышылэм и 16-17-м щІыщІэдзаущ мазаем и 24-25-м нэсыхьу.

ЩІымахуэ шылэр щиухым щыщІыщІэдзауэ кьыкІэлъыкІуэ махуиблыр бэдрэжъуащ. Ар лІыжь-фІызыжьыр жьэгу-пащхьэм кьыдэзэлымигъэкІ щІыІэу кьалытэ, апхуэдэу щІыжьаІэми хьыбар епхащ. «Бэдрэжъуэ псалъэм хъэрыпыбзэкІэ «фІызыжьым и махуэхэр» жьыхуиІэщ.

Еджагъэшхуэ Бируни кьыхэзриІыытэмкІэ, «фІызыжьым и махуэхэр» адиТ пасэрей лъэпкъыжьыр жьыбгъэмрэ уаемрэ щихьа лъэхъэнэщ. Адитхэр иныжь лъэпкът. Абыхэм я щхьэр пщэм щІэу эрт. Мус лъымэ-ныгъэр щамыдэм, адитхэр Тхъэшх уэм и Іэмырк1э жьы кІэрахьуэм, уаем хэкІуэдащ. Абыхэм ящыщу кьелар зы фІызыжь т. Хьыбарым зэрыжиІэмкІэ, фІызыжьым игъеижащ адитхэм я кІуэдыкІэр.

Апхуэдэ хьыбар епхащ бэдрэжъуым.

**ГЪУКІАКЪУЭ Идар.**

# Псалъэ пэжхэр

Таурыхъ

ЗЫ ЛІЫЖЬ цІыкІу гуэр выгу зэщІищІэри мэз кІуащ, пхъэ гъэсын кьишэну.

Гъэмахуэпэ мазэти, мэзэр ущІэмыкІыфу зэщІэкІат.

- ЛІыжь цІыкІур мэзым нэсри, жьилэр кьыщІувыІэ хабзэ гъуэгу кьэгъэшыпІэм кьыщІувыІакъым. И витІыр лъэрызехьэт, я кьарум кьигъэгугъэрти, адрейхэр эдэмыкІуэф мэз кІуупІэ дыдэм нэс пхыкІащ. ВитІыр щІитІыкІщ, жьыгым ирипхри, пхъэ гъур кьилъхьуэну хьжьащ. Джабэм зы жьыг гъумыщІэжь кІэрылъу щрихьэлІэм, «мыр махуэ зытІущкІэ сыкьыІэжкІэлъыкІуэми сриКъунщ» жери, и пащІэкІэ щІэгуфІыкІыуэрэ жьыгым джьдэ тІыгукІэ теуІуащ. ЩІытеуІуэм, лъэбакъуитІ нэхъ пэмыжьыжьэу пабжьэм зы Мэзылі бэлацэшхуэ кьыхэзыыкІащ. ЛІыжьыр апхуэдизкІэ кьэшынати, джьдэ кьиІэтар ирихьэхьжьыну щигъупщау э щытт. Мэзылім еплту. Мэзылім щытщ, лІыжь цІыкІум кьэоплъри. Мэзылім и ани кьыІэрилъхуауэ пщІанэщ, щІбэщ, и Іэбжьанэхэр кІыхьу пыкІыкІащ, и нитІыр щІуужу щым кьыхоупІъ.

ЛІыжь цІыкІум и фэр пыхьэ-пыкІщ. Еуэнущи, мэшынэ, щІэпхъуэжьынущи, нэхъ Іеижщ.

Сытми, апхуэдэу куэдрэ щытахэ, машІэрэ щытахэ, Мэзылім, кьыщІиудри, дыхьэшхащ. Мор щыдыкъэшхым, лІыжь цІыкІум и гур нэхъ кьыхэзригъуэтыжащ. Мэзылім кьэпсэльащ:

- Узмышхыу у зутІыщІыжыну ухуеймэ, псалъэ пэжищ кьызжеІэ.

ЛІыжь цІыкІу мыгъуэр кьэгуэващ. ИщІэнур ищІэркъым. Пэж и гуГъэу зыгуэр жриІэрэ, армырауэ кьыщІэжІ-мэ. ЖримыІэми - ишхынущ. Сытми, тегушхуащ.

- АтІэ, ящІ э пэжу б жесІэнуращи, Тхъэм сыкьыІэригъэщІрэ уэ нэхъ нэджэІуджэ сльэгъуакъым.

Мэзылім ину дыхьэшхщ, и дзэхэр зэригъэшхри, жиІащ:

- Ар зы пэжку кьызощтэ. ЕтІуанэр жьыІэ.

- Нобэ сызэрыпхуэзэнур сщІамэ, Тхъэм и щэжкІэ соІуэ, игъащІэжкІэ пхъэ сымыльъагъужьну мэ, сыкьэмыкІуэнт.

Мэзылім нэхъ иныжку къэдыхьэшхри:

- Иджы пэж ещанэр кьызжеІэ, - лъэІуащ.

- Ещанэ пэжыр мыращ: сыбутІыпщыжмэ, сыкьызэмыплъэкІыу сыкІу жкынт.

- Псальщри пэжщ, - жиІащ Мэзылім.

Іуэхур апхуэдэу кьыщыщІидзыжьым, лІыжь цІыкІур кьэгуфІэри, и гъумылъэм щыщ зы хэзлІамэрэ лы Іыхьэрэ Мэзылім иритащ. Мэзылім ахэр и Іэпхъуамбэ кІыхьхэмкІэ Іихри, фІэІэфІыпсу иригъэмэрэкІуэхащ.

- Иджы пхъэ пшэнумэ, - жиІащ Мэзылім, - сыбдэІэпкъынщ, си зэранкІэ узгъэгуваш.

Мо абрагъуэжьым кьару иІэнтэхъэ! ЛІыжь цІыкІур зриКъун пхъэ напІэзыпІэм кьыхуэзхуихьэсщ, гум кьыхурилъхьэжри кьнутІыпщыжащ.

*Зытхыжар*
**АЛО ЛутІэщ.**

# УпщІищрэ жэуапищрэ

Таурыхъ

УЭЛИИПЩЫМ ипхъу закъуэ Гуащэдыгъэ и анэм нэхърэ нэхъ дахэт, и адэм нэхърэ нэхъ Іущт. Ар дунейм кьытехьа нэужь, «дыгъэр кьыщІэкІащ» жаІэрт цІыхум. Абы щІалиц кьыщІэупщІэрт, пщы щауэ защІэу. Зы махуэ гуэрым Гуащэдыгъэ мэракІуэщыпэ кІуауэ, щІалищри кьыпоув:

- УзыдэкІуэнур хэтми кьыджеІэ, - жаІэри.

- Нэхъ губзыгъэм, - жи хъыджэбзым. - Сэ сыдэкІуарэт жысІэркъым, ауэ, Іэмал щимыІэкІэ, акъыл зиІэр нэхъыфІщ.

- Ар дауэ кьызэрыпщІэнр?

- УпщІищ фэстынщ щІыхуми ямыІуатэу, КъурІэнми имытуи, жэуапищыр пэжу кьэзытыр акъылщ: Мы дунейм щынэхъ дахэр сыт? Мы дунейм щынэхъ жумартыр сыт? Мы дунейм щынэхъ жэрыр сыт?

ТІум я жэуапыр зэтехуащ:

- Мы дунейм щынэхъ дахэр уэращ.

- Мы дунейм щынэхъ жумартыр уи адэращ.

- Мы дунейм щынэхъ жэрыр си шагъдийращ.

Гуащэдыгъэ и щхьэр игъэкІэрэ-зхуащ:

- Тхьэ, зы пэж кьывжьэдэмыкІа: сэ нэхъ дахэ хэкум изщ. Си адэм нэхърэ нэхъ жумарти Іэджэщ. Фи шагъдийхэм кьатежьини, жьжьэ фымыкІуэу, мы кьуажэм къыщывгъуэтынущ. Ауэ ещанэм жиІэнум девгъэдаІуэт.

Яужь кьина нэхъыщІэр къэпсалъэр:

- Мы дунейм щынэхъ дахэр гъатхэращ. Мы дунейм щынэхъ жумартыр бжьыхьэращ. Мы дунейм щынэхъ жэрыр гуращ: гупсысэр сытым нэхъри нэхъапэ нос.

- Алыхь, пэж защІэм жыпІэр! - жиІэри Гуащэдыгъэ и Іэр нэхъыщІэм кьыхуишиящ. - Сэ сызыдэкІуэнур уэращ. АкъылкІэщ унагъэрри жылагъэри зэрагъэпсэур.

ЩІалэм и пэми фемыплъ, и ІыгъэмиФемыплъ, и мылъкуми фемыплъ, и псалъэм федаІуэ.

*Зытхыжар*
**НАЛО Заурщ.**

*Сурэтыр* **БЫРСЫР Абдулыхь** *ищІащ.*

• Гу зылъытапхъэ

## Хэт пхъэ дакъэм тесыр?

♦Зэрыджэпсыр ирифрэ зэрыджафэр хьІфІдзэм - бжэндэхьущ.
♦Зышхыр зымыпшынысыныр - дыгъужьщ.
♦Зиукъуэдийрэ щІэпхъуэжмэ - аслъэнщ.
♦Зи унэр щыбкІэ зезыхьэр - нэщІэпкІэщ.
♦Зей кьудамэм кьепкІыхрэ, цыху дамащхьэм тепкІэфмэ - кІэпхъ цІыкІущ.
♦ПІкъэ дакъэм тесыр - кьундущ.
♦Дыгъэным хуэІэзэр - бажэ кІэ бацэрщ.
♦Жьуэжщ1эжьым хэмыкІыр - тхъэкІуэжкІыхщ.
♦Зи кІэр ину бырыбыр - гуэгушщ.
♦И нэр зэхуишэу, дзыгъуэшхуэм ещакІуэр - джэдущ.
♦Жьыгыщхьэм кьыщыджэр - кІыгуугущ.
♦Зи гур хущхьэуэу кьрахыр - тхъэрыкъуэщ.
♦Зи джэдыкІэ ямышхыр - кьаргьейщ.
♦Зи щІэр дахэу жаІэр - мэз джэщ.
♦Унэм щэхуу кьакІуэр - блэ фІыцІэщ.
♦Дэжьэн зи жагъуэр - щхьэхьынэрщ.

*КъэзыІуэтэжар*
**ГЪУЭНЫБЭ Лусэщ.**
*Тэрч район, Абей къуажэ.*

• Сабий джэгукІэхэр

# Іэшанэ

ІЭШАНЭР лъэрыжэ лІэужьыгъэущ. Іэшанэ лъэгур пхъэ жэрым (кхъужьей, мей хуэдэхэм) кьыхахырт. Іэжьэ лъэгум хуэдэу и пэхэр кьэгъэтІейуэ ящІырт. И кІыхьагъыр зы арщыным тІэкІу щІигъуу арат.

Іэшанэ лъэгум и гущІыІу лъэныкъуэм и кІапитІри яубру, ауэ гъуанэу пхахыркъым. А гъуанитІым щызу чыжьэ гъэша ираукІэ, Іэкі э бубыдын хуэдэу. Аращи, Іэшанэр хьэзыр хъуащ. АбыкІэ цІыкІухэр бгым, Іуащхьэм кьежэхырт. Есэху кьызэражьыхыр зы Іэшанэ лъэныкъуэт. Абы я зы лъакъуэр трагъэувэрт, зы Іэмкі э чыбжьэ гъэшар яубыдырти, мыдрей лъакъуэмкІэ хущІэрыуэрэ кьажьихьырт. Еса неужь, ІэшанитІми теувэрт.

Іэшанэр пхъэ дыкъуакъуэми кьыхащІыкІырт. КъудамитІым нэхъ гъумыр Іэшанэ лъэгуу ягъэпсырт, нэхъ псыгъуэр убыдыпІэ ящІырти, зэгуэтыпІэр уэсым щІимывэн папщІэ, хъурейуэ кьагъэкьыхьжьырт.

• Псынщ1ырысатьэхэр

# Гуагуэ хугу егу

♦Жэм гъэшифІэм Шашэ шэ кьыщІеш.
♦Шидэ и шыдыр шэдым хьихьащ, Шидэ и шыдыр шэдым хэнащ.
♦Цыжьбанэ цыбэр бацэм кьыхопльэ.
♦Мацэ Цацэ цы кьыхуихьащ, Цацэ и цыр Мацэ цыпхъм дигъэкІащ.
♦Гуагуэ гухъуклэ хугу егу.
♦Псынэ псыс, псей дэкІей, зэпэпсыу дахэкІей.
♦Іэпсльэпс щІэрыпсыр псым щІэтыскІащ.
♦ФІыцІэрэ щІуэр, щІапІэу щІапитхъуэу ди ФІыцІэ кьатыриТ кьыхсхуихьащ.
♦ТІы фІыцІэ, тІы щыфІэ.

УФ-м ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ Іуэхущ1апІэм КъБР-м щиІэ кьудамэм и лэжьакІуэхэмрэ и ветеранхэмрэ гущІыхьэ ящыхьащ хабзэхьумэ Іэнатіэм ветеран **Борэн Хьсэн Хьэбыч и кьуэр** и гъуэ нэмысу дунейм зэрехьжар, икІи абы и благъэхэмрэ и Іыхьлыхэмрэ ихуогузавэ.

# Ди лъэпкъ хабзэхэр

НЭХЪЫЖЬ кьепсамэ, хуэтэджурэ «Жьыщхьэ махуэ ухьу!» - жаІэ.

НЭХЪЫЖЬР бгъэльапІэмэ, абы хуэфащэ пщІэ хуэпщІмэ, уэ жьы ухъуа нэужькІэ, апхуэдэ дыдэ пщІэ бгъэтыжьынущ. «Нэхъыжьыр бгъэльапІэмэ, уи щхьэр льапІэ хьунщ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым.

АДЭМРЭ кьуэхэрэ (кьуэмрэ) зэгъусэу гъуэгу тетмэ, адэм и унафэнщэу щІалэхэр адэм ящэ ягу ихуэ щІэнныр кьемызэгъащ, зэрыкІуэн хуейр абы и уэкь итущ.

И АДЭ, И АДЭ кьуэш е езым нэхърэ зыкьомкІэ ихьыжьэ и кьуэш здэщыс Іэнэм тІысыркъым щІалэр.

ЛЪЭПКЪ кьэдым я хабзэщ фІэхъуэ екьуэгъэ ящІ деж цІыхубзым и Іэр ящэ ишийуэ, ауэ адыгэ хабзэм кьрригъэкІуркъым щІыхуБзым ящэ и Іэр ишийуэ цІыхухъум Іэщ1ипхъэну. Абы есэжа адыгэ цІыхухъуэм а Іуэхуитхэ езыхъэм ящэ зэрагъэщІипхъэр ящІыгъупщэркъым.

ЩІЫХЬЫШХУЭ зыхуащІ нэхъыжьыфІ гуэрым и цІэр кьыщІаІуэм деж, абы ирихьэлІэу адыгэ хабзэ зыщІэхэр кьэтэдж.

АНЭШРЭ пхъурылъхурэ зэгъусэу гъуэгу теХьамэ, анэшыр (анэм и хьэтыркІэ) ижьыбатІэм щыгынущ, нэхъыщІэмэ.

НЭХЪЫЖЬ и псалъэ тІу ящІыркъым, абы и унафэ хэпсэльыхьыжьыркъым, якъутэжыркъым.

*Зытхыжар*
**ЖЫЛАУ Нурбийщ.**
*Зенкъуэ кІуажэ.*

# МафІэ, псы, щІыхь

Итальян псысэ

ЕУЭЩ-ЕІЭЩ аби, жи, махуэ гуэрым МафІэрэ ПсырэрэІуэгум щызэхуэзат. Фэ фощІэ МафІэ сабыру и пІэ зэримысырыр. Хэкум ирабыдами жьэгум даубыдами кьаІэщІэкІыу кьызэрежьэным хэтщ. Псыри щхьэпсщ, жэщи махуи зыщІыпІэ кІуэну пІащІэу, кьижьыхь зэпыту и гъащІэр ехь. НтІэ, махуэ гуэрым зэгъусэу гъуэгу зэдпытехьэну а тІум мурад ящІ, ауэ зэбгъэдэкІуэтапэ хьуртэкъыми гъуэгубгу зырызым тоуэ.

Арати, зэхуэзэу сэлам зэраха къудейуэ, абыхэм кьабгъэдохьэ ЩІыхь. Мыдрей тІуми игъэщІагъуэ: иджыри къэс абыхэм зэи ильэгъуатэкъым ЩІыхь нэгуэрыжькъэкІуэ кьежьауэ - апхуэдэу Іуэхуншэтэкъым хьэулейуэ кьиджэдыхьыну. МафІэрэ Псырэ дэнэ щащІэнт ар емыкІу зыпІэльІуэху зыпІэжьа зиусхьэн гуэрым фІэкІуэдауэ?

- Зи пщІэр льаегъ, - жаІэ МафІэрэ Псырэ, - ярэби, уи щхьэ хуумыгъэфэщэну пІэрэ ди гъуэгу зыпІэльакІуэу унежьэну?

- ИкъукІэ си гуапэу, - къет жэуап ЩІыхь, - си фІэщ махъу сывигъусэмэ, хуабжьу си нэгу зэрызиужьынур. Ауэ, емыкІу сыкъэмышІ, сэ сымыщІыху гъуэсэ сщІыркъым. НэгъуэщІ мыхъуми, фи Іуэхущ1афэ щыгъуаз сыфщІ.

- УмыпІейтей, зи пщІэр льагэ ЩІыхь, - мэшкІуркІыр Псы, - зы мэскъалкІэ укъыстеуКІытыхьынкъым. Сэ щІыхухэм я псыхуэлІэ изоху, сожьыщІэ, хьэсхэм псы щІызогъэпъадэ, щхьэл мывэхэри согъэкІэрахьуэ.

Хэбдзэн щымыІэу пэжт Псы жиІэр. Ауэ абы избыщІащ шкІуркІыру ежьэ Псы кьыхетхьа нэужь, псыхъуэр кьыгъэпсалъэу зэрыгъуэгъуэр, псыІуэхэр зэрыІуитхъэр, кьуажэхэр зэрихьыр, лъэмыжэр хьэбзабзэу зэрызэхикъутэр. Апхуэдэ Іуэху мыхъумыщІэхэр кьыгъэпІэщІэщІамкІэ тамщІамыбумысожьну?

- Сэ, - жеІэ МафІэ, - пэшхэр согъэнэху, согъэхуабэ, сопщафІэ, гъущІ согъавэ, жыр согъэж.

Мафіи хуейтэкъым ЩІыхь и пащхьэ зыщІигъэІейну, абы кьыхэкІыу зыкъом избыщІащ. Псалъэм папщІэ, кьызэрыкІа нэужь, кьуажэ псо зэригъэсыфыр е, уафэм зыкьридзыхмэ, ильэсищ1эрэ зэкІэ зэмыжэу хуэдэу губгъуэм ита жыгей абрагъуэри абы и льабжьэм щІэса цІыхури хьэбзабзэ зэрищІыфыр.

ЩІыхь щхьэцІэщІэ щхьэкІэ кьабзагъэ, гуапагъэ пэсри фІыгъуэ ильагъурти, гъусэ хуэхъуахэри и псэм дыхьащ.

- ФынакІуэ-тІэ, - жиІащ абы гуфІэу, - зэгъусэу кьэткІухьнщ.

- Зэ фымыпІащІэ, - кьигъэувыІащ ахэр МафІэ, - гъуэгум дыщызэкІэрыхухнкІэ, дыщІызэфІэкІуэдынкІэ мэхъу. Е зыгуэр догъуащэ. Дызэрызэрыгъуэтыжьын нэщэнэ гъэр диІэн хуейщ. Мис сэ си ІугъэмкІэ сыкъэзгъуэтыжьынщ. МафІэ здэщымыІэм Іугъуэ щыуркъым.

Псыи жеІэ:

- Кьэжьыгъэхэр гъуэжьу дыгъэм щІилъэуа, щІыр кьыщІычэщІэнхэм сэ сыкьыщІывмылъыхьуэ. Сэ сыздэщІэм кьэкІыгъэхэр щыщІхъуантІэпсщ.

- Си гугъу фщІымэ, - жеІэ ЩІыхь, - сыкьыхьэрыфІцІыжьын апхуэдэ нэщэнэ хэха си1экъым. Ауэ, сывгъэнЫбжьагъуну фыхуейм, зэпымыууэ фыкъыскІэкІэлъыпІь, сакъыу сыкфхьумэ. Сэ си нэщэнэ гъэшІэгъэнрацІ, зэ сызыфІэкІуэдам игъащІэкІэ сыкъигъэтыжьыркъым.

А щІым ящыщу, имыбзыщІІауэ пэж жызыІар ЩІыхь и закъэщ.

*Зэхьдзэкіар*
**МЭЗЫХЬЭ Борисщ.**

# Псалъэзэблэдз

*УпщІэхэр:*

1. Нэхущым вагъуэщхуэм ещхьу пльаГу планетэ (*Венерэ*).
2. Уэгум и ищхъэрэ лъэныкъуэм щхьэхуэу щыпльагъу вагъуэ гуп (*Андромедэ*).
3. ВагъуэзэшІыбым зэреджэ нэгъуэщІ псалъэ. (*Большая медведица*).
4. Уафэгум лъагъуэ щІыкІэу кІыхьу ирикІуэ вагъуэбэ (*Млечный Путь*).
5. Ищхъэрэвагъуэм (*Полярная звезда*) зэреджэ псалъэжь дыдэ.
6. Щэлъахъэм хуэдэу пльагъу вагъуэ гуп (*Созвездие Стрелы*).
7. Гъэмахуэ жэщ ныкъуэм деж кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ зэнщІэу зэкІэлъыкІуэу щыпльагъу вагъуищ (*Созвездие Жирафа*).
8. Жэщым и пІэм иж вагъуэм зэредкэр (*Звездопад*).
9. КъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ къаблэ вагъуэ зэрыбын (*Созвездие Тельца*).
10. Нэхущвагъуэм зэреджэ нэгъуэщІ псалъэ (*Венерэ*).

*Жэуапхэр мы псалъэхэм кьыхэвгъуатэ:*
**Вагъуэщэлъахъэ. Вагъуэлыд. Нэхущвагъуэ. Вагъуэбэ. Вагъуэниж. ВагъуэкІапсэ. Гъуазэ. Шыхулъагъуэ. Вагъуэкъащыкъ. Вагъуэбаш. Вагъуэзэшнбг.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщІанэ къатхэр.

1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №87